


Revizyon klasman Bloom lan^{1,2}

Benjamin Bloom te kreye Klasman Objektif Pedagojik yo an 1956 kòm yon mwayen pou li te esprime diferan kalite panse ki pa menm nan fonksyonman yo. Depi dat sa a, yo vin adapte Klasman Bloom lan pou sèvi nan klas kòm yon zouti pou planifye, e li rete youn nan modèl yo aplike alawonnbadè nan tout nivo lekòl ak nan tout disiplin akademik.

Revizyon klasman Bloom lan

Pandan lane 1990 yo, Lorin Anderson (yon ansyen etidyan Benjamin Bloom) t ap dirije yon ekip psikològ espesyalis nan etid konesans. Psikològ sa yo te retounen sou klasman an pou egzaminen si li toujou aplikab nan 21èm syèk. Pami rezilta rechèch la, plizyè amelyorasyon enpòtan vin fèt nan chapant ki te deja egziste a.



¹ 1. Bloom, Benjamin S. & David R. Krathwohl. (1956). Taxonomy of educational objectives: The classification of educational goals, by a committee of college and university examiners. Handbook 1: Cognitive domain. New York, Longmans.

² 2. Lynn Schultz, Old Dominion University
http://www.odu.edu/educ/lischult/blooms_taxonomy.htm

Revizyon klasman Bloom lan – kategori yo (soti nan pi senp rive nan pi konplèks)

SONJE

Rekonèt, fè yon lis, dekri, idantifye, rale soti, nonmen

Eske etidyan ka RAPLE l enfòmasyon?

Rekonèt

Jwenn nan memwa a eleman konesans ki nan menm liy ak materyèl yo prezante ba w lan.

Sinonim: Idantifye...

Raple

Rale konesans ki aplikab soti jouk nan fon depo memwa a.

Sinonim : Rale soti... Nonmen...

KONPRANN

Intèprete, bay egzanp, rezime, jwenn prensip, parafraze

Eske etidyan ka ESPLIKE lide oubyen konsèp?

Intèprete

Chanje sot nan yon fòm reprezantasyon al nan yon lòt

Sinonim : Parafraze... Tradui...Reprezante,... Klarifye...

Bay egzanp

Jwenn yon egzanp egzat oubyen yon ka ki montre akèl yon konsèp oubyen yon prensip

Sinonim : Site yon ka... Montre...

Klasifye

Detèmine kategori yon bagay (tankou yon konsèp oswa prensip).

Sinonim : Klase...Ratache...

Rezime

Tire yon konklizyon lojik apati enfòmasyon yo prezante devan w.

Sinonim : Konsonmen... Jeneralize...

Jwenn prensip

Dekoupe tèm jeneral la oubyen pwensipal la

Sinonim : Elaji... Foure nan mitan... Predi... Konkli...

Konpare

Detekte tout pwensip ki koresponn ant 2 lide, 2 bagay, eks.

Sinonim : Depareye... Matche ...Trase kontak...

Esplike

Konstwi modèl yon sistèm ki montre tout kòz ak konsekans

Sinonim : Konstwi modèl...

APLIKE

Reyalize, Met an pratik, Itilize ...

Eske etidyan ka ITILIZE konesans li fèk pran an nan yon lòt sityasyon ki parèy?

Egzekite

Aplike konesans (anpil fwa, konesans sa a se yon pwosede) pou fè yon travay woutin.

Sinonim : Met an pratik...

Reyalize

Aplike konesans (anpil fwa, konesans sa a se yon pwosede) pou fè yon travay ki pa senp woutin .

Sinonim : Itilize.

ANALIZE

Konpare, jwenn tandans, òganize, demonte ...

Eske etidyan an ka DISTENGE ant diferan pati ki fòmè yon bagay?

Diferansye

Distenge pati aplikab yo de sa ki pa aplikab oubyen pati enpòtan yo de sa ki pa enpòtan nan materyèl yo prezante devan w.

Sinonim : Triye, Seleksyone, Santre, Distenge...

Oganize

Detèmine kòman eleman yo ajiste youn ak lòt oubyen fonksyone anndan yon system.

Sinonim : Fè chema, Chapante, Anbwate, Jwenn koyerans

Jwenn tandans nan sa n ap li a

Detèmine pwennvi, panchan, prejije, kwayans oswa entansyon ki alabaz materyèl ki devan w lan.

Sinonim : Demonte

EVALYE

Tcheke, Kritike, Jije, Fè ipotèz ...

Eske etidyan an ka BAY LOJIK ki pouse l pran tèt desizyon oubyen chwazi tèt liy aksyon?

Tcheke

Detekte sèten bagay ki depaman oubyen ki fo anndan yon pwosede oubyen yon pwodui.

Detèmine si yon pwosede oubyen yon pwodui byen ajiste—yon pwodui ki gen bonjan presizyon nan nannan l.

Sinonim : Teste, Detekte, Fè suivi

Kritike

Detekte si yon pwosede ka sèvi nan yon travay oubyen yon pwoblèm yo ba nou.

Sinonim : Jije

KREYE

Prepare modèl, konstwi, planifye, pwodui ...

Eske etidyan yo ka PONN nouvo pwodui, nouvo lide, oubyen lòt fason pou gade bagay yo?

Ponn

Pwopoz altènativ oubyen ipotèz ki baze sou kritè ki solid

Sinonim : Fè ipotèz

Planifye

Imajine yon pwosede pou rive fè yon travay

Sinonim : Prepare modèl

Pwodui

Envante yon pwodui.

Sinonim : Konstwi